

Septanm 2018

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anpil oumenm ak pitit ou a vin patisipe nan pwogram 3-K for All nou an ane lekòl sa a. Pwofesè pitit ou a ak administratè yo pral ede li avèk lesou enteresan kote l ap patisipe, pou ba li baz li bezwen pou li ka toujou renmen aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè pitit ou a nan yon seri aptitud akademik ak sosyal ansanm avèk devlopman langaj pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram evalye timoun pou wè si yo pa gen bezwen pou devlopman ak pou enstriksyon. Pwofesè pitit ou a pral evalye li avèk pwogram Early Inventory Screening–Revised (ESI-R®), oswa yon lòt pwogram evalyasyon devlopman ki menm avèk li, nan espas 45 jou apre li fin enskri a. Tanpri konprann entèval tan pou evalyasyon an kapab diferan depann laj pitit ou a.

Evalyasyon an ap ede pwofesè pitit ou gen plis enfòmasyon nan divès aspè bezwen pitit ou a pou devlopman ak enstriksyon. Evalyasyon sa a pa detèmine si pitit pre pou Pre-K pou tout moun oswa pou Kindergarten. Se pa yon tès IQ ni li pa gen pou wè avèk admisyon nan okenn pwogram. Pwofesè pitit ou a ap pataje avèk ou rezilta evalyasyon sa a.

N ap mande w tou pou ranpli Kesyonè paran ke pwofesè pitit ou a ap ba ou a epi voye li tounen.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa biwo nou nan [earlychildhood@schools.nyc.gov](mailto:earlychildhood@schools.nyc.gov).

For more information on Early Childhood resources please visit our website at <https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/grade-by-grade/early-childhood-learning>

Avèk senserite,



Josh Wallack

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitan ( Early Childhood Education) ak pou enskrisyon elèv

